

KAT FASON POU EVALYE LEKÒL PITIT OU A AK POU AMELYORE EDIKASYON PITIT OU A

Lotòn 2007

Chè fanmi elèv vil Nouyòk,

Siksè elèv se priyorite nimewo en refòm lekòl Timoun dabò *Children First* Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE). Chak jou, objektif nou se fè elèv yo aprann. Pou reyalize objektif sa a, nou dwe fè lekòl nou yo, edikatè nou yo ak nou menm pran responsablite pou asire siksè elèv yo. Ane pase, nou kreye kat nouvo zouti responsablite pou ede edikatè yo ak **ou menm** :

- Evalye kouman lekòl pitit ou a amelyore aprantisaj li chak ane
- Konpare pèfòmans chak lekòl avèk pèfòmans lekòl ki sanble sou rezilta enpòtan edikasyon, tankou konbyen elèv ki pase egzamen leta, pase kou ki nesese yo epi ki gradye
- Idantifye bezwen edikatif chak elèv, kreye yon plan pou amelyore aprantisaj chak elèv, epi swiv pwogrè elèv yo nan plizyè pwèn kontwòl pandan ane a

Kat zouti yo se :

1. **Rapò sou pwogrè** – lotòn sa a, pou premye fwa, chak lekòl resevwa yon rapò ak yon nòt an lèt ki mezire siksè li nan akselere aprantisaj elèv yo pandan ane akademik 2006/07
2. **Ankèt sou anviwònman aprantisaj** – chak lekòl te resevwa dènyèman yon rapò sou sa paran, pwofesè ak elèv te deklare osijè lekòl la nan yon premye ankèt anyèl pandan prentan pase a
3. **Evalyasyon Kalite** - pandan ane akademik 2006/07, chak lekòl te resevwa yon evalyasyon souplas, yon nòt Byen Devlope, Konpetan, oswa Pa Devlope, ak yon rapò detaye nan men edikatè ki gen eksperyans ak sou fason lekòl la òganize pou sipòte siksè elèv yo
4. **Evalyasyon chak peryòd** - ane sa a, chak lekòl ap bay evalyasyon ki pa gen okenn konsekans pou idantifye pwèn fò ak pwèn fèb chak elèv pou edikatè yo kab pi byen satisfè bezwen edikatif endividyèl elèv la

Rapò sa yo, ki pi byen detaye anba a, yo mete yo pou fanmi yo kab wè poukont yo kouman lekòl yo ap ede pitit yo aprann ak fè pwogrè. Depatman Edikasyon pran angajman pou ede edikatè ak fanmi yo itilize zouti sa yo pou amelyore edikasyon chak timoun. N ap tann konsa pou travay avèk ou pou reyalize objektif sa a.

<http://schools.nyc.gov/Offices/Translation/Languages/HaitianCreole.htm>

RAPÒ SOU PWOGRÈ

Objektif : Rapò sou Pwogrè a mezire patisipasyon chak lekòl nan pwogrè akademik elèv yo, kèlkeswa kote chak timoun kòmanse vin gen konpetans. Chak sezon lotòn, chak lekòl ap resevwa yon Rapò sou pwogrè ki gen ladan yon nòt an lèt A, B, C, D, oswa F dapre siksè lekòl la genyen nan sipòte pwogrè elèv yo.

Enfòmasyon enpòtan : Rapò sou pwogrè a evalye lekòl yo nan twa domèn.

1. **Anviwònman lekòl la** evalye kondisyon ki nesese pou aprantisaj elèv yo : prezans, sekirite ak respè, egzijans akademik, angajman paran, pwofesè ak elèv, epi kominikasyon (enfòmasyon sou kat dènye yo sòti nan Ankèt sou Anviwònman Aprantisaj la)
2. **Pèfòmans elèv yo evalye** (1) pou lekòl primè ak lekòl pre-segondè, nivo aptitud elèv yo nan Lang e literati anglè ak Matematik OSWA (2) pou lekòl segondè yo, siksè yon lekòl nan gradyasyon elèv yo
3. **Pwogrè elèv yo** evalye (1) pou lekòl primè ak lekòl pre-segondè, amelyorasyon mwayen elèv yo ant yon ane ak pwochen ane a nan Lang e literati anglè ak Matematik OSWA (2) pou lekòl segondè, avansman anyèl elèv yo pou yo gradye

Lekòl yo ap resevwa tou kredi aplis poutèt yo pèmèt elèv ki gen gwo bezwen vin gen siksè egzanplè nan aprantisaj.

Yo evalye pèfòmans yon lekòl nan chak domèn dapre pèfòmans tout lekòl ki gen menm klas nan vil la epi dapre pèfòmans yon gwoup 40 lekòl ki sanble epi ki genyen menm popilasyon elèv.

Kisa sa vle di pou elèv ou a ak lekòl ou a : Lekòl yo resevwa rekonpans oswa kapab peye konsekans ki baze an pati sou nòt Rapò sou Pwogrè yo. Rekonpans yo kapab ladan bonis lajan. Konsekans yo kapab efò pou amelyorasyon, epi fèmti lekòl la si efò yo pa bay bon rezilta. Fanmi yo kapab itilize Rapò sou Pwogrè a pou chwazi pami lekòl yo epi idantifye domèn kote lekòl yo bay bon pèfòmans ak domèn kote lekòl yo kapab amelyore.

ANKÈT SOU ANVIWÒNMAN APRANTISAJ

Objektif : Paran , pwofesè ak elèv yo konnen pi byen si anviwònman aprantisaj yon lekòl ede elèv yo gen siksè. Ankèt anyèl ak Rapò Ankèt la bay apèsi sou anviwònman aprantisaj yon lekòl jan ou menm ak lòt manm kominote lekòl la rapòte sa.

Enfòmasyon enpòtan : Pandan prentan 2007 la, DOE te distribiye kesyonè ankèt ba paran, pwofesè ak elèv ki nan klas 6yèm ane rive nan klas 12yèm ane. Kesyonè ankèt la te konsantre sou kat aspè enpòtan anviwònman aprantisaj yon lekòl :

1. Sekirite ak respè
2. Egzijans akademik
3. Angajman paran, pwofesè ak elèv
4. Kominikasyon

Rezilta ankèt sa yo ede nan bay nòt lekòl pitit ou a resevwa nan Rapò sou Pwogrè li.

Kisa sa vle di pou elèv ou a ak lekòl ou a : Rapò ankèt la bay enfòmasyon lekòl pitit ou kapab itilize pou amelyore anviwònman aprantisaj li. Komite dirijan lekòl la *School Leadership Team* (SLT) ak Ekip Rechèch lekòl la kapab itilize Rapò ankèt yo pou devlope Pwojè edikasyon entegral *Comprehensive Education Plan* (CEP). Nan travay ansanm avèk pwofesè , elèv ak lidè lekòl yo, paran yo kapab itilize rezilta ankèt la pou idantifye chanjman lekòl ou a kapab fè pou ede timoun yo aprann. Pwochen ankèt anyèl la ap fèt nan prentan k ap vini an.

EVALYASYON KALITE

Objektif : Edikaté ki gen eksperyans ap fè evalyasyon lekòl yo pandan plizyè jou chak ane. Evalyasyon yo baze sou evalyasyon pwòp tèt chak lekòl ak sou obsèvasyon direktè lekòl yo, pwofesè yo, manm pèsonèl la, elèv yo ak paran yo fè. Evalyasyon kalite a konsantre sou fason lekòl yo ak salklas yo òganize ak sou fason y ap fonksyone pou amelyore siksè chak elèv.

Enfòmasyon enpòtan : Rapò Evalyasyon kalite a dekri kisa evalyatè yo te obsève nan lekòl la—ki kalite vi ki nan anviwònman lekòl la. Rapò a evalye lekòl la parapò ak lòt lekòl ki nan vil Nouyòk, li attire atansyon sou travay modèl ak pwogrè elèv yo, epitou li idantifye domèn kote li posib pou gen amelyorasyon tankou sijesyon pou amelyorasyon an.

Kisa sa vle di pou elèv ou a ak lekòl ou a : Rapò evalyasyon kalite a konsantre sou fason lekòl la :

- Konnen byen fason chak timoun ap travay
- Planifye epi fikse objektif pou amelyorasyon aprantisaj ak siksè akademik chak elèv
- Itilize pwogram akademik li yo pou reyalize objektif akademik sa yo
- Planifye fòmasyon sou pwofesyon ak sou sans responsablite epi ofri sèvis sipò pou elèv yo (oryantasyon akademik ak pèsonèl, patnarya avèk òganizasyon deyò) pou reyalize objektif yo
- Kontwòle pwogrè chak elèv pandan tout ane a epi fè chanjman ki nesèsè pou asire chak elèv ap amelyore jan sa te planifye a

EVALYASYON CHAK PERYÒD

Objektif : Evalyasyon chak peryòd se zouti pou sipòte ansèyman elèv yo ap resevwa. Yo ofri pwofesè, paran ak elèv yo enfòmasyon detaye atan sou sa elèv yo konnen ak kote yo bezwen èd siplemanntè. Evalyasyon sa yo pa sèvi pou bay nòt pou lekòl direktè lekòl ak pwofesè yo.

Enfòmasyon enpòtan : Elèv yo gen fleksibilite pou chwazi Evalyasyon chak peryòd ki pi byen satisfè bezwen aprantisaj elèv yo. Avèk enfòmasyon Evalyasyon chak peryòd yo, edikaté yo ap kapab idantifye epi ede elèv ki sou wout pou echwe yo anvan yo fè echèk, akselere aprantisaj pou elèv avanse yo, epi ede elèv yo rive nan kapasite maksimòm yo.

Kisa pwogram sa a vle di pou elèv ou a ak lekòl ou a :

- Yo fè Evalyasyon chak peryòd yo jiska senk fwa pa ane nan Lang e literati anglè ak Matematik alafwa nan klas 3yèm ane rive nan lekòl segondè. Yo fè evalyasyon sou alfabetizasyon tou nan klas matènèl rive nan klas 2yèm ane
- Nou ankouraje lekòl yo pou ba ou rapò ki montre rezilta ak pwogrè Evalyasyon chak peryòd pitit ou a, epi pou diskite sou siyifikasyon rezilta sa yo avèk ou nan konferans pwofesè-paran ak nan lòt moman pandan tout ane a
- Y ap mete rezilta yo nan plizyè lekòl atravè yon sit wèb ki fasil pou itilize ki rele *Acuity*. Kòm paran, ou kapab itilize rapò ki sou *Acuity* yo ak rapò lekòl la bay yo pou swiv pwogrè pitit ou epi pou diskite sou estrateji pou amelyorasyon avèk pwofesè pitit ou. Tout elèv ki nan lekòl k ap itilize evalyasyon *Acuity* genyen yon non itilizatè ak yon modpas elèv yo ak paran yo kapab itilize pou wè rapò sa yo

KOUMAN POU JWENN KOPI RAPÒ SA YO

Apati ane sa a, y ap bay fanmi yo rapò yo nan moman konferans pwofesè-paran.

W ap jwenn rapò sa yo tou sou entènèt. Pou wè rapò yon lekòl nan lang anglè, tanpri swiv etap sa yo :

1. Ale sou sit wèb Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of education* (NYCDOE) nan www.nyc.gov/schools
2. Antre kòd lekòl la oswa non lekòl la nan seksyon an vèt ki nan mitan paj kote ki di "FIND A SCHOOL." Sa ap mennen ou nan Paj entènèt lekòl la.
3. Klike sou "Statistics", ki se yon lyen ki sou bò gòch paj la

Pou ka wè Evalyasyon Kalite lekòl la, desann kote ki di "Quality Review Report".

Pou ka wè Rapò Pwogrè lekòl la, desann kote ki di "Progress Report".

Pou ka wè Rezilta Ankèt lekòl la, desann kote ki di "Learning Environment Survey Report 2006-2007".

Klike sou rapò ou vle wè a pou lekòl la epi l ap parèt. (Ou dwe genyen pwogram gratis *Adobe Acrobat* nan òdinatè ou pou wè rapò a.)

W ap jwenn gid ki tou tradui pou Rapò pwogrè yo, Ankèt sou anviwònman aprantisaj la, ak Evalyasyon sou kalite sou entènèt nan sit wèb <http://schools.nyc.gov/Offices/Translation/Languages/HaitianCreole.htm>.

Anfen, ou kapab jwenn kopi rapò sa yo, avèk tou tout gid tradiksyon yo, depi w pale sou sa avèk Koòdonatè paran ki nan lekòl ou a.

KOUMAN OU KAPAB PATISIPE

Genyen yon bann fason fanmi yo kapab sipòte lekòl pitit yo depi yo patisipe nan pwosesis responsablite a. Men kèk sijesyon :

- **Chèche konnen rezilta responsablite pou lekòl pitit ou.** Kijan pèfòmans li ye nan chak rapò responsablite? Ki pwen fò li? Kouman li travay parapò ak lòt lekòl yo, epi kisa ou kapab aprann nan lekòl ki bay pi bon pèfòmans?
- Idantifye domèn kote lekòl pitit ou a pa t bay pèfòmans nan jan li ta kapab . **Pale avèk Direktè lekòl pitit ou, pwofesè pitit ou oswa Koòdonatè paran lekòl la sou fason yo fè plan pou amelyore**
- Swiv pwogrè pitit ou a sou Evalyasyon chak peryòd yo. **Diskite sou estrateji pou amelyorasyon avèk pwofesè pitit ou a**
- **Patisipe nan Reyinyon paran sou Evalyasyon kalite lekòl pitit ou a.** Mande Direktè a oswa Koòdonatè paran lekòl la pou fè w konnen lè ak kote reyinyon sa a ap fèt
- **Ranpli kesyonè ankèt 2007/08 sou Anviwònman lekòl la (prentan 2008)**
- **Bay patisipasyon ou,** epi ankouraje lòt fanmi pou yo patisipe nan Asosyasyon Paran oswa nan Asosyasyon Pwofesè-paran, oswa nan Komite dirijan lekòl la *School Leadership Team* (SLT). Ou kapab bay patisipasyon ou tou nan distri lekòl la nan Konsèy Edikasyon pou kominote w la *Community Education Council* (CEC) oswa nan yon konsèy lekòl pou vil la